

Sa ou ka fè

1. **Aprann siy yo.** Kòmande Kat Endikatè nou yo. Se ti kat nou gen nan 17 lang sou siy kle yo. Ou ka distribye kat sa yo nan zòn ou an bay moun ki ka pran kontak ak viktim. Aprann plis sou: www.dhs.gov/bluecampaign.

2. Pale si w konnen y ap trafike moun.

Si w t sispèk gen okenn aktivite y ap trafike moun oswa pou mande lapolis federal sekou, rele 1-866-347-2423 oswa fè konnen sa sou entènèt nan www.ice.gov/tips.

Nenpòt moun toupatou nan monn nan ka pale si yo sispèk gen aktivite kriminel nan Liy Envestigasyon Sekirite Nasyonal [Homeland Security Investigations (HSI)] nan 24 sou 24, chak jou nan semèn nan, chak jou nan ane a. Si se yon apèl entènasyonal ou ka rele nan 802-872-6199. Espesyalis ki byen fòme pran rapò nan men ajans piblik ak ajans lalwa sou plis pase 400 lwa HSI ap fè aplike tankou sa ki gen pou wè ak trafik moun yo.

Rele Sant Resous Nasyonal Sou Trafik Moun [National Human Trafficking Resource Center (NHTRC)] nan 1-888-373-7888 pou:

- Jwenn èd epi twouve yon kote ki ofri sèvis nan zòn ou a;
- Bay enfòmasyon sou aktivite kote yo ka ap trafike moun; oswa
- Aprann plis ak fòmasyon, asistans teknik, oswa resous.

NHTRC se yon liy telefòn nasyonal gratis ki la pou reponn apèl ki soti tout kote nan peyi a,

24 sou 24 epi se yon òganizasyon non gouvènmantral ki ap opere li.

3. **Edike tèt ou ak fanmi ou.** Pran fòmasyon gratis nou genyen sou entènèt la pou aprann plis sou trafik moun ak lòt bagay ou dwe konnen pou veye, epi mande lòt moun pou yo pran fòmasyon an. Ale sou: www.dhs.gov/bluecampaign.

4. **Simaye pawòl la!** Pale ak kolèg ou yo sou Kanpay Ble a, plizyè pwogram nou ofri yo, epi eksplike fanmi ou ak

nenpòt moun ki enterese. Disponib nan www.dhs.gov/bluecampaign.

5. **Vizite sitwèb Kanpay Ble a.** Pou plis fòmasyon, materyèl pou pale ak moun, materyèl pou ede viktim, ak enfòmasyon sou kijan ou ka antre nan konba pou fini ak zafè trafike moun nan, ale sou: www.dhs.gov/bluecampaign. "Like" nou sou Facebook: www.facebook.com/bluecampaign. Oswa kontakte nou nan: BlueCampaign@hq.dhs.gov.

KISA W KAPAB FÈ?

Pou idantifye viktim ak fè rapò sou ka nou sispèk y ap trafike moun

KISA W KAPAB FÈ?

Pou idantifye viktim ak fè rapò sou ka nou sispèk y ap trafike moun

Ka Gen Viktim Gwo Lajounen

Pwofesè, enfimyè, travayè sosyal, dirijan relijye, ak òganizasyon non gouvènmantral (ONG) yo se manm kominote yo epi yo gen anpil chans pou kwaze - epi idantifye ak ede - viktim trafik moun. Ou dwe aprann siy ak endikatè trafik moun yo. Sa a se premye etap pou idantifye viktim epi mennen moun k ap trafike yo a devan lajistis, ki ka ede kominote ou vin san danje.

Gen Viktim Trafik Nan Kominote Nou Yo

Yo ka gen nenpòt laj, yo ka nenpòt ras, yo ka fanm oswa gason, oswa nenpòt nasyonalite, menm ameriken

Yo kapab genyen oswa pa genyen papye nan peyi a. N ap jwenn viktim nan sektè travay legal tankou ilegal; yo atire kèk ak fo pwomès bèl travay, oswa menm lanmou. Ou ka jwenn yo nan legliz, lekòl, kay, otèl, restoran, sit konstriksyon, fèm, estasyon bis oswa tren, ayewopò, plas piblik, kote pou kanpe kamyon oswa pou repoze sou otowout; oswa kote yo bay masaj, ba oswa kote fanm danse toutouni. Souvan, yo fòse yo travay tankou domestik, travay nan fèm oswa faktori, oswa lòt kalite travay fòse, oswa pwostitisyon. Daprè lwa federal, chak minè yo fè patisipe nan pwostitisyon se yon viktim trafik moun.

Kijan Trafikè Yo Opere

Moun k ap trafike yo al dèyè moun ki san pwoteksyon nan sosyete a. Yo gade moun ki frajil pou plizyè rezon, tankou moun ki ge pwoblèm lajan, vyolans lakay yo, dezaz natirèl, oswa enstabilite politik. Moun k ap trafike yo itilize diferan estrateji pou pyeje moun epi mete yo nan prizon ak bagay tankou vyolans oswa menas, men yo itilize sikoloji pou fòse yo tou. Chòk sa a kapab tèlman fò ki fè anpil moun gendwa pa idantifye tèt yo kòm viktim oswa mande sekou, menm si yo kote ki gen anpil moun.

Men kijan trafikè yo opere:

- Itilize vyolans oswa menase moun nan oswa fanmi li;
- Retire nesite moun nan genyen nan men li, tankou manje, dlo, oswa dòmi;
- Fè moun nan fo pwomès lanmou oswa konpay;
- Fè moun nan fo pwomès yon bon travay oswa kay;
- Anpeche moun nan ale legliz;
- Pa kite moun nan pran kontak ak zanmi oswa fanmi li;
- Pa kite moun nan ale okenn kote;
- Kontwòle pyès idantite moun nan;
- Menase moun nan w ap depòte li oswa pote li bay lapolis; ak/ou
- Kenbe lajan moun nan travay pou li swadizan peye dèt.

Siy Trafik Moun

Lè ou idantifye viktim epi ale nan lapolis pou bay rapò, w ap fè pati ou pou ede lapolis sove viktim yo, epi ou ka sove vi yon moun. Ou ka mete viktim yo an kontak ak sèvis tankou swen medikal ak sante mantal, kote pou yo rete, fòmasyon pou travay, ak asistans legal ki ka restore libète ak diyete yo. Sekirite ou menm ak viktim nan enpòtan anpil. Piga ou janm eseye konfwonte yon moun ou sispèk ap trafike moun oswa al di yon viktim sa ou sispèk. Menm si genyen oswa pa genyen endikatè sa yo sa pa vle di y ap trafike moun. Se lapolis ki gen pou envestige ka yo sispèk y ap trafike moun.

- Èske moun nan sanble li dekonekte ak fanmi, zanmi, òganizasyon kominotè, oswa legliz?
- Èske timoun nan te sispann ale lekòl?
- Èske te ge yon chanjman nan konpòtman moun nan ki fèt byen vit chanje anpil?
- Èske jenn moun nan ap patisipe nan pwostitisyon?
- Èske moun nan dezoryante oswa twouble, oswa li montre siy abi mantal oswa fizik?
- Èske moun nan gen mak ki ap geri oswa mak ki fin geri?
- Èske moun nan sanble li pè pale ak moun oswa li timid?
- Èske moun nan montre siy yo pa vle kite li manje, bwè dlo, dòmi, oswa al kay doktè?
- Èske moun nan toujou ak yon moun oswa toujou gen yon moun k ap di li sa pou li fè? Oswa yon moun ki sanble yo gen kontwòl sityasyon an. Pa egzanp, kote yo ale oswa ak kiyès yo pale?
- Èske moun nan sanble yo di li kisa pou li di?
- Èske moun nan ap viv nan kondisyon ki pa apwopriye?
- Èske moun nan manke bagay pa li epi li sanble li p ap viv yon fason estab?
- Èske moun nan ka deplase lè li vle? Èske moun nan ka kite kote li rete a lè li vre? Èske gen lòt mezi sekirite ki pa rezonab?